

Bible lessons. **Lesson 52 THE 10 COMMANDMENTS**

Exodus 20:1-6

Memory verse: **“So they read distinctly from the book, in the law of God and they gave the sense and helped them to understand the reading.” Nehemiah 8:8**

AMABWIRIZWA CUMU Y’IMANA

Icirwa ca 81

Kuvayo 20:1-17

Ijambo ngenderwako : « ***Babasomera mu gitabo c’ivyagezwe vy’Imana mu buryo bwumvikana, barabibasobanurira kugira ngo batahure ivyo basomewe*** » Nehemiya 8:8

I. Intangamarara.

K’umusozi Sinayi, Imanaiha Mose amategeko cumi. Ayo ntatonze k’umurongo neza, arico gituma bose batabahirizako. Ayo nayo ni aya :

1. Ntukagire izindi mana umbagikanya ;
2. Ntukishushanirize ibigirwamana ngo uvyikubite imbere ;
3. Ntugapfe kuvuga izina ryanje kuvyo ubusabusa ;
4. Wibuke kubahiriza umusi w’isabato ;
5. Wubahe so na nyoko ;
6. Ntukice ;
7. Ntugasambane ;
8. Ntukibe ;
9. Ntukagirize ibinyoma umubanyi wawe ;
10. Ntukipfuzze.

II. Kuki Imana yahaye abantu aya mabwirizwa.

Aya mabwirizwa yahawe Mose ngo ayashikirize umuryango wa Isiriyeli, yabasaba ko hamwe boyubahiriza bazobana nayo amahoro. Ariko cane cane yariko abategura kuzokwakira Yesu Kristo umucunguzi w’abari mw’isi bose.

Abizeye Imana kubwa Kristo, ntibabohewe gukurikiza aya mategeko urudome k’urundi ariko arafise agaciro kuko ari ijambo ry’Imana ni naco gituma tubwirizwa kuyiga yose rimwe ku rindi kugira tumenye ico Imana igomba, tucubahirize.

Aya mategeko arahishura icubahiro n'ubutore bw'Imana kuko niyo yonyene ishobora gushinga itegeko mw'isi no mwijuru rigakurikizwa kuko ariyo muremyi wavyo. **Zab. 33:9** *kuko yavuze bikaba, yashinga bikaguma.*

III. Inyubako yaya mabwirizwa.

Amabwirizwa ane ya mbere, ni amategeko hagati y'Imana n'abantu (Ntukagire izindi mana umbangikanya) ; atandatu yandi ni amategeko hagati y'abantu ku bandi mu kibano. (Usonere so na nyoko)

Imana yayatanze ukwo, kuko Ab'Isirayeri bari bamenyereye gusenga imana zakozwe mu bishushanyo. Imana Yehova yabasaba kuyisenga no kuyizera batayibona n'amaso kandi ntibayibangikanye n'izindi. Vyasaba ko babikora kw'itegeko uwuvyanse akicishwa amabuye. Ntibakunda Imana, bakayubahiriza kubera ubwoba bw'ibihano mu masinagoge ndeste no kwicwa.

Ikindi ni uko Iyo hataba ivyagezwe, ubuzima bw'abantu buba busa n'ubw'ibikoko. Itegeko ry'ishamba rivuga ngo : « **Akaruta akandi karakamira** » aya mabwirizwa y'ubahisha Imana, agakingira banyarucari.

IV. Intege nke z'ivyagezwe.

1)Ibi vyagezwe naho vyatanzwe n'Imana, ntivyashobora guhindura umuntu kuba umugororotsi canke ngo acike umwana w'Imana. **Galati. 2:21** « *Asangwa ukugororoka kuzanwa n'ivyagezwe, Kristo azoba yapfiriye ubusa ?* »

2)Ntivyashobora gutanga amahoro n'umunezero vyo mu mutima. Vyatuma ababihawe bama bahagararitse imitima. Kristo niwe yababohoye uwo mutwaro

V. Gushira mu ngiro

Amabwirizwa yatanzwe kugira azodushikane kuri Yesu Kristo Umunyanazareti. Uyu nawe yaraje kandi abahizi barihuta kumwakira no kwizera ivyo yihanikije. Abamwizera bose abaha ubugingo budashira, ni wewe uriho uyu musi kugira ngo ube icaremwe gihora kimuha icubahiro. Niba wumva hari ico utaruzuza wuhaguruka ugasenga.

Bible lessons. **Lesson 53 THE 10 COMMANDMENTS: First and second commandment**

Exodus 20:1-6

Memory verse: **“Little children keep yourselves from idols.” 1 John. 5:21**

AMABWIRIZWA CUMI / Ibwirizwa rya mbere n’irya kabiri

IMANA IRIKWIJE ; NTA TUNDI TWO KWIFASHISHA DUKENEWE

Icirwa ca 82

Kuvayo 20:4-6 ; Rom. 1:21-25

Ijambo ngenderwako : « **Bana bato, mwirinde ibigirwamana » 1 Yoh. 5:21**

I. Intangamarara.

Ibwirizwa rya kabiri riboneka ari inyunganizi y’ibwirizwa rya mbere. Rikomeza ubukuru, ububasha, icubahiro, ukutagereranya ...vy’ Imana yiharije mw’isi no mw’ijuru kandi ibihe badashira.

II. Akamaro ko guhimbaza

Uhoraho aravuga ati : « *Ntukibazire ikigirwamana gisa n’ikintu.... Ntuze uvyikubite imbere ntuze ubisabe/ ubihimbaze. ... kuko jewe Uhoraho Imana yawe ndi Imana ifuha...mpora abana ibigabitanyo vya ba se. » Igikorwa co gusaba canke guhimbaza gifise insiguro nini mu buzima bw’abantu. Mu gusaba haba gupfukama, kuduza amaboko, kubaha cane... ibi navyo bikorerwa uwo uba wubashe ukamuha icubahiro. Haba harimwo ukumwizera ko ashoboye vyose mu buzima bwawe.*

Uhoraho ntiyemera ikintu cose c’ikibumbano canke ikibazanyo ko haba abacikibita imbere bakacunamira. Uku ni ugusenga ibigirwamana. Icaha gikomeye imbere yayo.ni amasengesho mabi. Nta tundi two kwifashisha dukenewe kugira ushikire Imana. Ni Imana ifuha ihora abana ibigabitanyo vya ba se kugeza no kurunganwe rushika kane. Umwana w’umunyavyaha avuka ari umunyavyaha agakurira mu vyaha vy’abavyeyi biwe bakabihanahana urunganwe k’urundi.Niba uvuga ko wizeye Kristo, ukaba utavyigisha abana bawe, aho uba uriko ubakwegera ibihano vy’Imana.

III. Uburyo bwo gusenga nabi : Gusenga ibigirwamana

Rom. 1:21 « *Kuko bamenye Imana ntibayubahe nk’Imana, ntibayishime ariko bacika abiyumvira ivyo ubusa, imitima yabo y’imbura bwenge icura umuzimagiza. »*

Umuntu ntiyavutse ari uwusenga ibigirwamana, yarabicitse .Muri iki gihe, abantu barazi Imana Uhoraho ko ibaho ariko ntibatinye kwinjira mu mashengero ariko bafise uburozi bwo kwicana mu mihira yabo canke ibiheko ngo bibakingire abansi canke amatungo. Ibi bisa nuwusenga afise ibindi vyaha agenderamwo : arasenga ariko ntibimubuza gusambana, kwiba, kubesha, kurwana,.... Uku ni ugusenga nabi.

Bayishimisha iminwa yabo ariko mu mitima hubatse ibigigwamana. Nta tundi two kwifashisha dukenewe. Yehova ni umunyabubasha arahagije muri vyose.

IV. Gusenga Imana y'ukuri mu nzira atariyo

« Ntibayishime ariko bacika abiyumvira ivyo ubusa, imitima yabo y'imburabwenge icura umuzimagiza »

Imitima yabo iri m'umwijima, nta muco canke ukuri babona. Imana niyo yaremye umuntu mw'ishusho yayo ariko barabirenga bagapfukamira ibibazanyo akaba arivyo bashima. Igihe umuntu ataramenya Yesu Kristo ngo amenye no kumushima muvuyo yamukoreye vyose aba ari mu mwijima kandi ariko asenga nabi. Ugusenga mu nzira atariyo ni ukuyisengana ivyaha mu mitima canke kuba mu rusengero witeze ibintu bazoguha gusa. aha, uba wahushije intumbero yazanye Yesu mw'isi.

Rom. 1:24-25. Pawulo aravuga ko bene abo Imana yabahevyeye ngo bakore ivyo imitima yabo yipfuzaga bonone imibirio yabo kuko banse kwemera ukuri bagakunda ikinyoma ca wa mugwanizi yabahumye amaso.

Abantu nk'aba bahebwe n'Imana bari mu batinjira no mubatonda mu mashengero. Ikibaranga ni uko, iyo bakora ivyaha ntibagira ukwicuza ngo bihane. Banezererwa n'uwo babonye asubiye mu vyaha, banezerezwa n'ibigenda nabi, bashima ahari amatati canke umugumuko. Ibikorwa vy'umwijima nivyobyabanezera. Imana yarabahevyeye. Igihano cabo caramaze kwandika shiti bahindukiye bakihana.

V. Gushira mu ngiro.

Isezerano rishasha ryerekana ko Jambo ariwe yaremye vyose : isi, ijuru, ibiboneka n'ibitaboneka.... Niwe nyen'ububasha bwose kandi umutwe w'Ishengero. Uyu wese avuga ko ari mw'ishengero rya Kristo, asabwa kumusenga no kumuhimbaza atazindi mana zo k'uruhande yibangikanije. Bitabaye uko, aba akwegereye abana biwe n'uruganwe ruzo mukomokako

umuvumo n'igihano c'umuriro utazima. Hamwe n'ivyo ugusenga kwawe
kwohindura vyose bigacika bisha.

Bible lessons. Lesson 54 THE 10 COMMANDMENTS: THIRD COMMANDMENT

Exodus 20:1-7

Memory verse: “Nor filthiness, nor foolish talking, nor jesting, which are not appropriate; but rather giving of thanks.” Ephes. 5:4

AMABWIRIZWA CUMI : IBWIRIZWA YRA GATATU

IZINA R’IMANA NI IRYUBASHWE. SHIRA UMURINZI IMBERE Y’AKANWA KAWE.

Icirwa ca 84

Kuvayo 20:1-7 ; Abalew. 24:10-16

Ijambo ngenderwako : « *canke ibiteye isoni canke amajambo y’ubupfucanke ibitwenza bibi, ikibereye ni ugushima Imana* » Abanyefeso 5:4

I. Intangamarara

Niba waratanguranye natwe mu vyirwa bibiri biheruka, uribuka ko twize amabwirizwa abiri. Kubaha Imana yonyene no kuyisaba utayibangikanije. Aya mabwirizwa arafitaniye isano n’ibiri mu mutima w’umuntu bigaserurwa n’akanwa kiwe.

Iyo watura izina Uhoraho, Yesu Kristo ; ibiseruka mu kanwa biba bivuye mu mutima. Hari ibihugu usanga ayo mazina bayafata ibisanzwe bakayita ababo. Habahari icinyegeje inyuma. Mu baheburayo, umuvyeyi yita izina umwana, afise ico agomba kuvuga mu muryango. (Rukundo, gacerere, kibwa,...) izina ry’Imana naryo nyene rifise insiguro, iyo urivuga ni kwugaba kuko Imana ubwayo yobiguhanyira urivuze kubw’ubusabusa. Ni mwigie iyo nkuru yo mu Balewi.

II. Uburyo abantu bavuga izina ry’Imana k’ubusabusa

Mu bijandajando : Hari abantu bafata izina ry’Imana Uhoraho bakarimenyera no mu bikino vyabo. Iyo bariko barafyina canke mu ndahiro zabo. Uku kutigarura, gushobora gukwegera nyene kubikora ibihano. Nico gituma Dawidi yavuze muri **Zaburi 14:3** ati « *Uhoraho, shira umurinzi imbere y’akanwa kanje* »

-Aha Dawidi yasabako bashira aba polisi ku munwa wiwe kugira avuge ibikwiriye abanje kuraba uwo abibwira kandi abivuge mu gihe bikenewe.

-Woshobora kuba uri m'ukuri imbere y'umukuru ariko, wabivuga, bikagukwegera ingorane. **Kolos. 4:6** « *Imvugo zanyu zamane ubuntu bw'Imana, zirimwo umunyu, kugira ngo mumenye ingene mukwiye kwishura umuntu..* » ---

-Suzuma ivyo uvuga, uwo ubibwira, igihe ubivuga ingene ubivuga. Hari aho bikenerwa ko uvuga cane canke buhoro buhoro ; uvugana umunezero canke agahinda canke ugakoresha ibimenyetso gusa. Bidakenewe urihorera.

Nk'igikingirizo : Hari abantu bakoresha izina ry'Imana kugira bafate mpiri ivyiyumviro vy'abo barongoye ariko muvuyukuri batanayizeye. Umwanditsi **J. Vernon** yavuze ngo : Ni wampa amayinga abiri ndi kumwe nawe, nzokubwira ko ukijijwe canke wihenze.

Muburyarya : Biroroshe kuvugira imbere y'abantu uti : « Nizera izina rya Yesu Kristo » ariko mu mutima ari umutima wuzuye ivyaha. Uko niko Abafarisayo bari babayeho. Yesu yabise indryarya. Ivyo bisa no kurogota kw'Uhoraho. Azobabwira ngo « *Mviraho mwankorabizira sinigeze ndabamenya.* »

III. Kuvugana n'Uhoraho : Hari ibibazo wokwibaza :

1. **Imbere y'Uhoraho nifata gute ?** : Nta myifato (Position) kanaka twashingirako ariko niyo turi imbere y'abatware bo mw'isi turi n'uko twifata. Eliya yarunama akoza agahanga hasi ; Pawulo na Silasi bayihamagaye baboshwe, Mose yatumbereje amaboko hejuru ; abo bose barumviwe. Ukeneye guca bugufi mu mutima. Uba uri imbere y'Umwami w'abami.

2. **Uba wambaye gute ?** Woshobora kuba uri kubibuga vyo kwoga (Plage) bose baba bambaye amasilipe gusa. Wovuga izina ry'Uhoraho bikayihimbara ? Kwoba ari ukurogota. Abakijijwe barafise imyambaro bakwiye kwambara itandukanye n'iy'ab'isi bambara. Bitabaye ukwo, aba ari ivyaha vy'isoni nke.

IV. Gushira mu ngiro :

Izina ry'Imana Yehova ni izina ryo kubahwa, gushimagizwa, gutazirwa,... Niwe Nyakubahwa kandi niwe yaremye ijuru n'isi n'ibiri kuriyo vyose. Arema abantu b'ubwoko bwose, abaha kubaho baganza ibiremwa vyose. Si iryo kuvuga kubw'ubusabusa uko uwariwe wese avyiyumvisemwo. Uwubikora uko, ntazobura no kubihanirwa.

Akanwa k'abakijijwe gakwiye kubako umurinzi. Imbere yo gusohora ijambo, raba ko ari iryubahisha Imana, ubuntu bwawe, umuryango wawe canke

ishengero ryawe. Amajambo y'ubupfu canke ibitwenda bibi, ibinyoma, ibitutsi, imivumo, amazimwe ...ntibikwiye kuva mu kanwa kanyu. Igikwiye ni gushima Imana no kuyivugira mu batarayimenya. Uvuge ibikenewe.

Urashobora kuba akanwa kawe kahora gasohora amajambo ari nk'icumu ku bandi canke mbere ; wapfa uko wivugiye izina ry'Imana. urashobora guhaguruka ugasenga usaba umurinzi k'umunwa wawe kandi ubaye waracumuye Imana iraguharira .

Bible lessons. Lesson 55 THE 10 COMMANDMENTS: FOURTH COMMANDMENT

Exodus 20:1-8, Mat. 12:1-8

Memory verse: “Let no one therefore judge you in eating, or in drinking, or with respect to a feast day or a new moon or a Sabbath day; which are a shadow of the things to come; but the body is Christ.” Colossians 2:16-17

AMABWIRIZWA CUMI : IBWIRIZWA RYA KANE

WIBUKE KUBAHIRIZA UMUSI W’ISABATO.

ICIRWA CA 85

Kuvayo 20:1-8; Mat. 12:1-8

Ijambo ngenderwako : « *Nuko ntihakagire uwubahinyura ku biribwa, ku binyobwa, mu vyo imisi mikuru canke mu vyo isabato. Ivyo vyari igitutu c’ivyari bigiye kuzoza, ariko umutumba ubwawo ni uwa Kristo. » Abo i Koros. 2:16,17.*

I. Intangamarara.

Mugihe Imana iriko itondeka amabwirizwa, irababwira iti : mwibuke kuziririza umusi w’isabato. Iyi nkuru yerekana abigishwa ba Yesu bagomba kwivuna inzara mu kumyoza no guhekenya ingano. Hari kw’isabato. Ubwo nyene, abayuda baba babaciriye urubanza ko bacumuye. Mugihe c’aba bigishwa, Umwami Yesu yaciye abahagararira mu gusigurira abo bagirizi ivyanditswe, abemeza ko ariwe Mwami w’isabato.

Mu mugambi wa Kristo mu kuza mw’isi, kwari ukugira abohore abantu kuri aya mategeko yari abaruhije, agakora n’ibitangaza kw’isabato ngo baheba babone ukuri, ariko bobo bagumye bamwagiriza ivyaha gusa.

II. Isabato. Isezerano ry’Imana n’abana ba Isirayeli.

Soma. Guhar. 15:32-36

Kubera ko abana ba Isirayeli bari bamaze igihe kirekeire, imyaka irenga amajana ane mugihugu ca Egiputa, bari bamenyereye gusenga imana zabo no kuzihimbaza. Vyarasaba ko Uhoraho ashiraho amategeko kugira bamenyerezwe kumusenga kubwo itegeko. Ibi vyaterwa n’uko batari bwahabwe Mpwemu Yera ngo abarongore.

Uyu mugore nawe nyene yari yagize ikibazo c'inzara nkuko abaigishwa ba Yesu vyabagendeye. Kubera ko cari igihe c'amategeko, ishengerero ryose ryamujanye inyuma yaho bashagaje, bamutera amabuye, baramwica.

Biraboneka ko abamwishe harimwo imiryango yiwe yo hafi n'ababanyi. Mbe boba baranejerejwe n'uru rupfu rw'uyu muvyezi w'abana. ? Aha niho tubona ko Imana ubwayo yabonye ko iri sezerano rya kera ryari rikwiye guhinduka. Niko kurungika Umwana wayo ngo yubake isezerano rishisha hagati yiwe n'abantu. Soma **Abaheb. 8:7-13**. Ikindi ni uko ataho tubona Imana yasaba abitwa abanyamahanga kubahiriza iyo sabato. Mbe abavuga ko bayubahiriza, uwosenya kuri uwo musu, bomwica ? Niba batomwica ntibaba bubahirije amategeko yayo.

III. Isabato mw'isezerano rishasha

Umusi wa mbere w'imisi indwi (Dimanche) wari usanzwe ari umusi bama bakoranirako bagahimbaza Imana, bagakora n'isangira. Kumanyagura imitsima. Aha niho intumwa zabasanga, zikabigisha ijambo ry'Imana, baca bahitamwo guhora basenga uwo musu nyene na rirya ariho Umwami Yesu yazukiyeko. **Ivyak. 20:7_a** « *ku wa mbere w'imisi indwi, dukoranira kumanyagura imitsima,* » abavuga ngo uyu musu wasizweho n'umuntu sivyo, warusanzwe uriho kandi bawukorako ibikorwa vy'Imana.

Mugihe c'intumwa, harabayeho amatati kubijanye no kubahiriza amategeko ya Mose kubariko barahindukirira ijambo ry'Imana. harimwo nibijanye n'isabato. niho haca hakorana inama ikomeye yo kwiga ico kibazo. **Ivyak. 15 :10,11** « *None rero ni igiki gituma mugerageza Imana ; mwikoreza abigishwa imitwaro ba sogokuru batashoboye kwikorera, ariko twizere yuko tuzokizwa n'ubuntu bw'Umwami Yesu nka bo.* » bene kuyihabwa biyemerera ko batabishoboye.

IV. Isabato, igitutu.

Intumwa Pawulo yandikira Abo i Kolosayi ati «**« Nuko ntihakagire uwubahinyura ku biribwa, ku binyobwa, mu vyo imisi mikuru canke mu vyo isabato. Ivyo vyari igitutu c'ivyari bigiye kuzoza, ariko umutumba ubwawo ni uwa Kristo. »** Abo i Koros. 4:16,17.

Igitutu ntikiba gifise ukuri nyakwo. Ukuri kuba kuri kucavuweko ico gitutu. Yesu niwe kuri kw'ivyo igitutu cerekana. Nk'akarorero, mw'isezerano rya kera ; bategerezwa kwama bateretse imitsima mw'ihema ry'Imana. Yesu aje, yababwiye ngo « *Ni jewe mutsima w'ubugingo.* » Intama zabarwa kuri Pasika. Yesu niwe mwagazi w'intama.

Ntibigikenewe ubu ko isabato iba umuzigo ku bantu kandi umutumba nyezina warahishuwe, uwo nyene aca ashiraho uburuhukiro buzohoraho kuri twese.

V. Gushira mu ngiro

Heb. 4:1 « *Nuko, kuko isezerano ryo gushika mu buruhukiro bwayo buriho, twiyubare kugira ngo kumbure ntihagire uwo muri mwebwe yitumvira ko acerewe. »*

uburuhukiro bwacu buriko burategurwa kuri uwo wese yakiriye Yesu mu bugingo bwiwe. Ijambo ry’Imana ririhanikiriza uwo wese yokubahuka kuguhinyura ku biribwa, ibinyobwa, isabato... ariko wame wibuka ko niyo utararwa ubugingo budashira, si ukuguhinyura gusa, ahubwo no kugukubita bazogukubita. Aka ni akandi kanryo uhawe ngo uhaguruke, waturire Yesu ingorane zawe, nawe aguteza amaboko.

Bible lessons. Lesson 56 THE 10 COMMANDMENTS: FIFTH COMMANDMENT.
Parents bill of rights

Exodus 20:1-12

Memory verse: “For Moses said, Honor your father and your mother, and, He who speaks evil of father or mother, let him be put to death.” Marc. 7:10

ICUBAHIRO C’UMUVYEYI : Ibwirizwa rya gatanu

Icirwa ca 85

Kuvayo 20:12

Ijambo ngenderwako : « *kuko Mose uavuze ati :wubaha so na nyoko : kandi uwututse se canke nyina, ntaz’abure kwicwa.* » Mariko. 7:10

I. Intangamarara

Icirwa c’uyu musu, kitwereka ico Imana ivuga k’umuvyeyi wa muntu Mu vyagezwe cumi Imana yatangiye k’umusozi Sinayi, Uhoraho abona ari nkenerwa gushira iri tegeko ryubahiriza umuvyeyi wa muntu. Muri iki gihe amashirahamwe ni menshi yigisha ivy’uburenganzira bw’abana. Ariko hatabaye kuraba neza, hazogera aho ata muvyeyi akivuga imbere y’uwo yavyaye. Bigasaba ko umuvyeyi yubaha umwana kugira ngo arambe. Umwana yandikiye ikete se ati : « Ni wanyubaha nanje nzokubaha. » yamusaba ko bangana.

II. Ibwirizwa nyezina.

Luka 2 : 5-51 havuga ngo : « *Amanukana nabo aja i Nazareti, yama abumvira. Nyina abika ayo majambo ; kandi Yesu arwiza ubwenge, gukura no gushimwa n’Imana n’abantu.* » Naho Yesu Kristo yari Imana, igikorwa co kwihindura umuntu ngo abone kubacungura, camusaba ko avuka nk’abandi bana, akarererwa mu maboko ya Yosefu na Mariya.

Mu gukura kwiwe, hari ico yibwiriza imbere y’ibindi. Kumvira abamureze. Ibi vyatumye arwiza ubwenge, arakura ashimwa n’Imana n’abantu.

Ijambo “**umwana**” mu giheburayo ni “**teknon**,” risigura ngo umuntu ari muni y’ububasha bwa nyina na se. Aba bavyeyi baboneka mu bice bitatu : abavyeyi b’amaraso, abavyeyi b’uwo mwubakanye n’abayobozi bawe mu gikorwa cose.

Abo bose ni abo kwubahwa ico bogusabira ku Mana bokumvirwa kuko ni uko Imana yavuze

III. Ivyo abavyeyi basabwa guha abana

1. **Ubwenge** : Iyi ni ingabirano umwana ashobora gukura ku bavyeyi beza. Imufasha gutandukanya ivyiza n'ibibi. Umwana akiri mu myaka y'ubuyabaga, ntashobora kumenya icomugirira nabi canke neza. Ni uruhara rw'abavyeyi kubibigisha cane cane mu kumubera akarorero keza k'ingene ubwabo babanye n'uwo bubakanye.

2. **Ubugabo** : Aha ntituvuga uburebure canke imyaka. M'urugo ni ikibanza gihindura umwana Umugabo. Ntivyotangaza ko haba umuntu akuze abura ijambo ryo gufasha abandi ariko, umwana w'imyaka mike akabatangaza. Na Yesu niko yumije abanyabwenge n'abafarisayo. Ubusaza si ikimenyetso c'ubugabo. Muzobamenyera kuvyo bama.

Ijambo ry'Imana niryo mwigisha mwiza. Abavyeyi beza, bigisha abana babo ijambo ry'Imana kuva bakiri bato. Iri naryo rikabahindura abagabo nyabagabo abo imiryango, ishengero n'igihugu bipfuzwa. Aha niho abavyeyi bo kwemeza ko bakunda abo bavyaye. Batibagiye kubigisha kunguvu gukunda ibikorwa.

IV. Ukubaha abavyeyi.

Iri bwirizwa risaba ko umuntu wese yipfuzwa kuramba, yubaha se na nyina. Ijambo "**kubaha**" canke "**kabed**," mu giheburayo, ni ico umuntu wese asabwa gukora (Responsability). Kumviriza no guha agaciro ico abavyeyi bavugaga.

Nkuko Imana yabishinze, umuntu aravuka, agakura nyuma agasaza. Aha niho usanga atagishobora kwibeshaho ubwiwe. Ni igikorwa c'abana biwe co kumubeshaho. Ibi uvuyitega mu gihe nawe wabikoreye abavyeyi bawe. Niba warabirengagije, abawe nabo bazokwirenganiza Kugira wumve umusonga bagize. Ico wakoreye abana bawe nico abawe bazogukorerwa ; kandi n'abo bana bazokorerwa ibisa nivyo bagukorerwa nabo bazovyara. Imana ni Ukuri.

V. Gushira mu ngiro

Mu mategeko Imana yahaye Mose, yarasaba ko uwututse canke akubise se canke nyiza baze bace bamwica.

Naho haheze imyaka ibihumbi bine n'iyirenga Imana ibivuze ; uru rupfu ruracashobora gukurikira uwubikoze. Ico usabwa ni ukwigisha, guha indero nziza abana bawe, niyo bata kubaha, Imana niyo mucamanza mwiza. Ariko

ugasanga nawe washize isoni abavyeyi bawe, urarabako ibiriko bigushikira atari amarira yabo; ubasabe imbabazi niba bakiriho. Niba batakiriho, imbabazi z'Imana ziracahari n'uhaguruke usenge.

Bible lessons. **Lesson 57 THE 10 COMMANDMENTS: SIXTH COMMANDMENT:**
The industry of death

Exodus 20:1-13

Memory verse: **“And you know that no murderer has eternal life remaining in him.” 1 John 3:15**

AMABWIRIZWA CUMI : IBWIRIZWA RYA GATANDATU : Ntukice

URUGANDA RW'URUPFU.

Icirwa ca 86

Kuvayo 20:1-13

Ijambo ngenderwako : **« Kandi murazi ko ata mwicanyi yogira ubugingo budashira ngo bugume muri we » 1 Yohan. 3:15**

I. Intangamarara

Imana iha Mose urutonde rw'amabwirizwa harimwo iri rivuga riti: **« Ntukice »** harageze ko iri bwirizwa ryigishwa cane mu mashengero, muba nyapolitike, mu mashirahamwe kuko ahenshi muri ibi bibanza hasigaye ari uruganda rw'urupfu. Uyu musu ibihugu vyinshi biremerera abakobwa n'abagore gukurora inda bagashibura umwana mu binogo canke mu misarani.

Imana yahaye ubuzima abantu bambere babiri : Adamu na Eva. Ibaha ububasha bwo kuvyara abantu ngo bagwire. Kuva ubwo, ubuzima bw'umuntu butangurira mu nda y'umugore kuva umusi imbuto z'umugabo zihura n'iz'umugore. Imana iravuga ngo ntukice.

II. Uruganda rw'urupfu

Turashobora kuvuga uburyo bwinshi bw'ubwicanyi busigaye bukorwa. Muri bwo hari ubusigaye bwemewe n'amategeko y'ibihugu.

1.Muri Amerika n'ibindi bihugu bivugako biteye imbere ; umukobwa canke umugore atwaye inda ; akumva adashaka kuyivyara, araja kwa muganga akabisaba bakamwica. Bakurayo agace kamwe kamwe k'umubiri, bahejeje bakabwegeranya kugira bemeze neza ko bamukuyeyo wese, bagaca bagashira mu kigopo bagafundikira bagashibura mu cobo.

2. Uburyo bwa kabiri ni uko, iyo umwana amaze amezi ane, bafata imiti imeze nk'uburozi bakayitera umukobwa canke umugore. Uyu muti uca ushika kuri wa mwana ukamubabura, mu masaha mirongo ibiri n'ane aba yamaze gupfa. Umubiri w'umukobwa uca wibwira kumuvyara.

3. Uburyo bwa gatatu ni uko bafata umwana akivuka, bakamuniga. Ibi babikora ku mpamvu nyishi. Ikibabaje ni uko hari n'amashengero afise amazina meza abishigikira icese. Ivyera vyose si amata.

- Rusansuma yabaye muri Amerika 1976-1982 basanze hishwe abana 400.000 mu myaka itandatu. Nukuvuga, 35% y'abakobwa n'abagore batwaye inda, barazikoreye.

- Ubu bwicanyi bwose buri ku gatwe k'abakobwa n'abagore n'abo baganga. Vyose turavyemererwa ariko ivyubaka si vyose. **I Korint.10 :23**

III. Ivyitwazo vy'ubwicanyi.

Gufatwa kunguvu. : Birashika umukobwa canke umugora agafatwa kunguvu, agasama inda. Naho biba biri uko, ntagwitwazo na rumwe rwo kwica umwana.

Ubukene : Hari aho umukobwa canke umugore atwara inda, baharura bakabona ata buryo bwo kuzomutunga. Naho nyene, ntagwitwazo rwo kwica umuntu.

Ubuhemu : Ni kenshi, nyene gutera inda ayihakana. N'ivyo si urwitwazo rwo gukorora inda.

Amategeko y'ibihugu aravuga ko uwuzokwica umuntu azociribwa urubanza ruhwanyeye n'icaha yakoze. Bakagaruka bagakora ibihushane n'ivyo bavuga.

IV. Urudandaza rw'umuvumo.

1. Abaganga bifitiye amavuriro yigenga, baravyungukiramwo cane kuko bene gutanga inda ngo zikororwe, barariha ibitaro ;
2. Hariho urudandaza rw'ibiziga vy'abo bana bishwe. Amahinguriro amwe amwe, agura ivyo biziga ku mavuriro, akabinyonga bakabikoramwo amavuta y'abagore yo kwisiga ;
3. Amakaminuza menshi aragura ivyo biziga bakabibika mu ma laboratoires kugira bavyigishirizeko abanyeshure babo, bakanabikorako ubushakashatsi.

V. Ukuri kunyegera inyuma y'ubu bwicanyi.

1. **Kwegeza kure Imana Yehova** : Isi isanzwe izi ko Uhoraho ariwe atanga ubuzima, niwe azi igihe umuntu azomara kw'isi, si uburenganzira bw'umugore. Aba bagore n'abaganga baba buzuye amaraso mu biganza, ariko ntibibabuzaga gutonda mu mashengero. Nibatihana, bazotsindwa n'urubanza rw'Imana.

2. **Gukomeza uburenganzira bw'ubusambanyi butagira ingaruka** : 80% y'inda zikororwa, ni iz'abakobwa batagira abagabo canke abagore bazitwara abagabo batari mu rugo. Ibi bituma basambana atabwoba bwo kurera umwana atagira se. Ivyaha bihabwa ikibanza.

VI. Ubundi bwicanyi.

1. **Kwiyahura** : umugabo **Derek** yashinze ishirahamwe aryita « **Reka mpfe imbere yuko mvyuka** » yigisha abantu ko bakwiye kwiyahura igihe bahuye n'ibibazo. Arirata gose avuga ko amaze gufasha abantu benshi kwiyica. Abashaje abigisha akabafasha kwiyahura. Uwiyahuye asa n'uwishe umuntu. Pawulo aravugaga ibikorwa vya kameremere.

2. Uburozi : Ivyah. 9:21.

Satani yarakwiragije kw'isi yose abarozzi. Aba nabo, bari ubwoko bwinshi : abanyamareba (magicien) ; abapfumu ; abatanga ishano ryo mu kanwa, ... aba ni abicanyi bazokwama baharurwako amaraso y'abantu. Ntibazorarwa ubwami.

Ivyipfuzo/urwanko rwo mu mutima: Hari abicana mu vyiyumviro. Kubera inzigo bakavugaga ngo icompa naka agapfa. Canke waragomvye gukorora inda, biranka. Aho uba wamwishe Imana igakinga. Uri umukozi wo m'uruganda rw'urupfu. Ukeneye kwihana.

VII. Gushira mu ngiro.

Imana yaremye umuntu imukunze, ariko wewe waramwishe canke warabimwipfuriye, Imana iba ariyo imukingira. Ijambo ryayo rivugaga ko ata mwicanyi agira ubugingo. Amaherezo yiwe ni I Gehinomu.

Naho bimeze gutrye, imbabazi z'Imana ziracahari, nyaruka uhaguruke usenge uraharirwa.

**Bible lessons. Lesson 58 THE 10 COMMANDMENTS: SEVENTH COMMANDMENT:
You shall not commit adultery.**

Exodus 20:1-14

**Memory verse: "It is reported that there is sexual immorality among you..." 1 Corint.
5:1a**

AMABWIRIZWA CUMI. Ibwirizwa ry'indwi : Ntugasambane

Icirwa ca 87

Kuvayo 20:14

Ijambo ngenderwako : « **Inkuru yamamaye hose yuko muri mwebwe harimwo ubusambanyi; » 1 Korinto 5:1a**

I. Intangamarara.

Imigani 29:18_a : « *Iyo hatari uguhishurirwa, abantu bigira uko bagomba. »*

Ijambo uguhishurirwa risigura « iyerekwa rivuye ku Mana (Vison). Bigira uko bagoma ryosobanurwa nko guhona. Uku guhona gushikira umuntu w'imbere. Umuntu w'Impwemu. Uyu nawe akaba asanze acumbitse m'umubiri. Umubiri wipfuza ubusambanye aribwo butera uguhona. Ni umwansi.

Iri yerekwa Mose yabonye muguhabwa ababwirizwa, hamwe abantu borikurikiza, ntaguhona kwobaho. Ariko abantu bariko baja mu cobo.

Ehe bimwe mu vyiyumviro vy'abantu :

- Abantu 80% bavuga ko Leta itategerezwa kwivanga muvuyo guhuza ibitsina ku bavyivuganiye. Ngo nt'amategeko yo kutubuza ubu burenganzi akwiye kujaho.
- Abantu 58% bavuga ko kwihuriza ibitsina, ari ukwinezereza gukwiriye gukorwa buri musi. Bati : « Ntidutahura igituma imico n'amategeko bidusaba ko turinda kwinyegeza. Tubabajwe n'uko mutubohera ko impuzu ngo nitwambare kuva mu gitondo gushika no mw'ijoro. » Bipfuza kugenda ubusa.
- 90% bemeza ko guhuza ibitsina kubabisangiye atari bibi.

Ama Leta yaramaze kurwa muri uyu mutego barabemereye ngo uburenganzira bwa muntu. Ikibabaje ni uko hari n'amashengero yamaze kwigisha ko iki cagezwe ari imvugo z'imigani. Basangiye iyerekwa n'abo banyavyaha. Babaye nk'abo mw'ishengero ry' **1 Kor 5:1**. Soma **Ivyah. 22:18-19** uramenya ico Imana ivuga.

II. Ni gute icaha c'ubusambanyi cinjira mu buzima bwa muntu ?

Mat. 5:28. « *Umuntu wese araba umugore wuwundi akamwipfuzza, aba amaze gusambana nawe mu mutima* ». Hano hari uburyo butwerekana ingene iki caha cinjira mu buzima bwa muntu:

1. Umuntu wese yavukanye iyi kameremere. Pawulo arandika : **Abar. 7:24** « *Ewe jewe ndagowe ! Ni nde yonkiza umubiri untera uru rupfu ?* » Birashoboka ko Pawulo yari ababajwe n'ikibazo ari guterwa n'umubiri kandi ari wo ubitse Impwemu yiwe. Ntivyamukundiye ko aciyambura. Ni intambara itangura kuva mu myaka y'ubuyabaga kurenza imyaka mirongo umunani.

2. Ubugira kabiri ni igihe umuntu ashize ibi vyipfuzo mu bwenge bwiwe. Aho aba amaze gucumura, ataranabikora. Yararavye umugore canke umugabo wabandi, aramwipfuzza ijoro n'umurango. Yaremeye ivyipfuzo ubwiwe vyonona Impwemu yiwe.

3. Ukutiyubara : Muragaba ! Umwami Dawidi na Samusoni baguye muri iki caha kubera ukutiyubara. Ivyo turaba, twumviriza muri telefone, Televisiyo, ibiganiro n'abagenzi birateza kwinjira muri iki caha. Kwemerera uwo ubonye wese ngo mubane munzu, Kwinjira mu cumba c'uwo mudasangiye igitsina, gukorana urudandaza rwa babiri, amasengesho y'ababiri badasangiye igitsina ;... birashobora gukwega ubusambanyi butateguwe.

III. Ingaruka mbi z'ubusambanyi.

1. Umuvumo. 1 Korinto 6:16 « *Ntimuzi yuko uwimatanya n'umumaraya aba ari umubiri umwe na we ?* » mu gihe habaye ukwimatanya n'umusambanyi, haba guhanahana imivumo izoshobora gukurikira uyo ubuzima bwiwe bwose. Birashoboka ko uyo muvumo ukurikirana uruganwe rwiwe. Ubusambanyi ni **igisuma** ciba ubuzima bwa kazoza. Haba hakenewe ugucungurwa n'amaraso ya Yesu.

2. Amatati mu ngo. Ubusambanyi burasambura urugo. Imig. **5 :15** havuga ngo : « *Unywe amazi yo mw'isoko yawe wiharije, N'amazi atemba yo mw'iriba ryawe* » ntawundi yemererwa kurivomako canke ngo aze kuvoma ahandi. Ibi vyotuma habura Umugisha n'amahoro. Umurwanizi akaba arabafashe.

3. Ubusambanyi bwica ubwenge n'ubushingantahe. Iki caha kitihanywe, haraho gikurikirana mu muryango : ugasnga niba warasambanije abana babandi, nawe abawe bakabasambanya; niba warasambuje urugo rw'uwindi, nawe urwawe rugasanburwa n'abandi, niba warasambanije umugore w'uwindi, uwawe

bakamusambanya ubishaka canke utabishaka. Ibi biterwa n'uko habahari amadayimoni yinjijwe mu muryango, akagenda akurikira uruvyaro.

Ntitwigishije kuvyerekeye abagabo canke abagore bahuza ibitsina babisangiye. Aka ko ni akamaramaza. Ababikora ni abaragwa ba Gihenomu.

IV. Gushira mu ngiro.

Intsinzi kuri iki caha ni imwe : **Ukwigumya no kwiha indero** (discipline) mu vy'amabanga y'abubatse. Harageze ko Imana ironka abizigirwa yokwishimira. Ntugafatire akarorero ku bananiwe, fatira kuri Yosefu yanesheje.

Niba wararenze iri tegeko mu ngiro canke mu vyiyumviro, wohaguruka ukababarirwa niho uzoronka ubugingo budashira kandi ukabohoza umuryango wawe. Amaraso ya Yesu ashoboye vyose.

Bible lessons. Lesson 59 THE 10 COMMANDMENTS: EIGHTH COMMANDMENT:

You shall not steal

Exodus 20:1-15

Memory verse: "Let him who stole steal no more; but rather let him labor producing with his hands something that is good, that he may have something to give who has need." Ephes. 4:28

UBUSUMA BWO K'UMURANGO

Ibwirizwa ry'umunani. : « Ntukibe »

Icirwa ca 88

Kuvayo 20:1-15

Ijambo ngenderwako : "***Uwiba ntakongera kwiba, ariko apfume acumukura, akoreshe amaboko yiwe ivyiza, kugira ngo aronke ivyo gufasha uwukenye.*** Abanyef. 4:28

I. Itegeko ritubahirizwe.

Ushobora kumva ko iri tegeko ry'Imana ritagufata. Tega amatwi urishura nyuma y'icirwa.

• Inzira zitandukanye abantu bibiramwo :

1. Ubugunge : Ubugunge buboneka igihe habaye kwigarurira ibintu vy'uwundi biciye mu nzira y'akarenganyo kubera ububasha burengeye uwo wundi.

Abalewi 19b: « Ntihazogire uwurarana ingero umucangero yakoreye. » wubahutse kuja kuryama utarariha ingero y'umucangero canke ukayajana muri banke ngo ibe irakungukira, uba uri ingunge. Umusuma wo k'umurango.

Wokwibaza ko ubuhemu nk'ubu bukorwa n'abo witwa abanyavyaha, ariko burakorwa mu nzira nyishi mubo wita abakijijwe. Murashobora gukorera umugambi hamwe, inyungu yaboneka, ukamugunga kubera umurusha kumenyekana.

Woshobora kugurana mweneso amafaranga, hageze aho kuyamusubiza, ugahindura amasezerano. Ubu bwose ni ubusuma. Amadeni menshi, ahinduka ubusuma bwo k'umurango kuko haraho bigusaba kwihisha beneyo.

2. Abigisha b'ibinyoma : Mu mashengero amwe yo kw'isi, abavugabutumwa biyita abavugishwa n'Imana, ariko ari abasuma. Aba basengera abantu babatse amahera canke ibintu. Rimwe na rimwe haraba guciririkana igiciro. **Mat.10 :8** « *Mukize abarwaye, muzure abapfuye,... mubiherewe ubusa, mubitangire ubundi.* »

3. Forode : Forode iboneka igihe habaye gutwara canke gukoresha ibintu vy'abandi bidacye m'umuco. **Abalew.19 :13a** « *ntihazogire uwuhahaza umubanyi wiwe, canke ngo amunyage.* »

Ubu busuma buraboneka mu nzira nyishi : gusaba akazi canke amahera muri banke, kugurisha ibintu vy'abandi ukoresheje impapuro atarizo, kwinjiza ibidandaza utarishe amahera ya leta, ...

4. Ubusuma : urashobora kubona umuntu ataye amahera, wayatora ukanka kuyamusubiza. Umuntu yokwibeshya ku numero ya Telefone, akarungika amahera muyiwawe, muhamagare uyamusubize ; umudandaza asaba inyugu y'umurenge canke agakoresha umunzane udakora... aba ari igisuma.

Igihe usangira n'abandi ku meza, raba ko ivyo waruye bidasumba ivy'abandi.

Hari ubundi busuma bw'ibikorwa. Mugihe wasavye akazi, ukagakora nabi canke ugacererwa, ukirukanga gusaba impembo. Kurya ataco wakoze umusi wose kubera ubunebwe. Ni ubusuma.

5. Ubusuma munzu y'Imana : soma **Malaki 3 :7-8** kudatanga icacumi n'amashikanwa ; ubu nabwo ni ubusuma bwo k'umurango kandi bubera mu nzu y'Imana.

II. Gushira mu ngiro.

Ubwoko bw'ubusuma ni bwinshi, umwe wese yigishwa na Mpwemu w'Imana. Kutubahiriza aya mabwirizwa y'Imana, uretse ko bikuraho imigenderanire y'umuntu n'Imana ; biranatakaza ubushingantahe n'ubwizigirwa mu kibano k'uri uyu avuga ko yamaze kwakira umuco ariwe Kristo yesu. Wibuke ko niba uriko urabiba imbuto y'ubusuma ; izogukurikira n'abo m'uruvyaro rwawe kandi wahagaritse umugisha wawe.

Pawulo yandikiye Abanyefeso abasaba ko uwahora yiba atokongera kwiba, ariko atume akoresha ayiwe maboko. None wewe uhagaze he ?

Ushobora kuba wahora wiba abantu canke mbera ukiba Imana. Wosenga Imana iraguharira kandi iguhindure. Irakunezererwa igusubize umugisha wawe.

Bible lessons. Lesson 60 THE 10 COMMANDMENTS: NINTH COMMANDMENT:

You shall not bear false witness.

Exodus 20:1-16; Proverbs 6:16-19

Memory verse: "Don't lie to one another, seeing that you have put off the old man with his doings..." Colossians 3:9

UBUMARA BW'URURIMI!

Ibwirizwa ry'Icenda: Ntukagirize ibinyoma umubanyi wawe.

Icirwa ca 89

Kuvayo 20:16 ; Imigani 6:16-19

Ijambo ngenderwako : « *Ntimukabeshane, kuko mwiya mbuye umuntu wa kera n'ibinyoma vyawe.* » Kolosayi 3:9

I. Intangamarara.

Ese ukuntu ururimi mu kanwa rusa neza ! Abantu bashobora kubaka inzu, gutunga imiduga, usanga ata gisa n'ikindi. Isura y'abantu, ubunini, uburebure... ntagisa n'ikindi. Ikibazo ni iki. Mbe ko indimi zisa ; ni kuki zitavuga bimwe canke ngo rumwe rusohore icyumviro kimwe ku kintu kimwe ?

Ni ururimi rwubaka urugo rukaruhinduka paradizo ; rwahinduka ; rukaruhindura Gihonomu. Rurahezagira mukandi kanya ukumva ruriko ruravumana.

- Abahinga basanze umuntu aba afise akaryo (opportunity) ko kuvu incuro 700 mw'iyinga ariko, basanze hari abazirenza bakavuga incuro 800.

- Umuntu yategerezwa kuvuga amajambo 50.000 mw'iyinga ariko basanze hari abarenza bakavuga amajambo 80.000. Ururimi rwahawe volume yi 150 ariko, basanze hari abayiduzaga gushika 180.

- Muri aya majambo arengako ; akenshi usanga ari ibinyoma, amazimwe canke ibitutsi bimeze nk'ubumara.

Iyi myifato yo kurenza urugero irafise n'izindi ngaruka no kuyandi mabwirizwa twamaze kwiga. Ntukavugire izina ry'Imana k'ubusabusa, wubahe so na Nyoko.

II. Ibwirizwa nyezina

Imana iha Abisirayeli ibwirizwa : **Ntukagirize ibinyoma umubanyi wawe.**

Ijambo kwagiriza, mu giheburayo ni “**ed,**” ryosobanurwa “Kwemeza” muyandi majambo ni : Ntukemeze ivyo utazi k’umubanyi wawe. Vuga ukuri uzi, reka kuba indryarya. . Vyoba vyiza guhora hako wemeza ivyo utazi. **Imig. 26:20**

III. Ibwirizwa ritubahirijwe.

Umuhinga yanditse ngo ururimi rufise ubwoko bw’ibinyoma icenda :

1. Ubuhemu : Iki ni ikinyoma kivurwa mu ntumbero yo gushira mu vyago abandi. Haraboneka uburyarya.

- Yambaye nabi ariko ukamubwira ngo : Uraberewe.
- Wamenye ko yakubeshe, ukamubwira uti : Urakoze canke uri umwizigirwa.
- Uriko umutegurira ivyago ariko ukamubwira ngo : ndakubabariye kandi ndiko ndagusengera. Ibi ni ubuhemu kuko vyotuma uyu muntu agwa mu vyago igihe yari yizeye ivyo wamubwiye. Ibi Imana iravyanka cane kandi birayibabaza

2. Ubwoba : iki kinyoma gikorwa mu ntumbero yo kwikiza igihano ku caha. Muri police canke sentare ndetse no mw’ishengero canke mu rugo,... watinye ko uhabwa igihano ku caha wakoze, uhisemwo kubesha. Vuga ukuri.

3. Amaronko : iki ni ikinyoma kivurwa mu ntumbero yo kurondera inyungu. Bakurungikanye amahera, ukavuga ngo yatakaye kandi wayivye.

4. Ikinyoma co **mu gacerere: Abalew. 5:1**. Mugihe uhisemwo guhora kuvuga ukuri kandi ukuzi, n’iki ni icaha.

5. ikinyoma **c’ubwishime** : Umuntu yovuga ko azinanye na president kandi ataranamubona.

- Ariyemeza ko atunze cane adafise n’aho aba. Atira Telefone ngo bamwemere.
- Yeza ko afise ama diplôme, no gusoma bimugora.

6. Ikinyoma co **kurenza urugero** : woshobora kubwira umugabo canke umugore wawe uti : Kuva twabana ntaco urangurira, ariko ugasanga yarabikoze. Uku ni ukurenza urugero. Ikinyoma kibi gitera umusonga uwubibwiwe.

7. Kubura ubwizigirwa : Urabwira umuntu uti ; mu kanya ndaza kugufasha, akarindira akabura. Canke ukamubesha isaha. Uri umubeshi mubi.

- Wahawe akazi ko gucunga umutungo. Ariko ni wewe uvyibisha.

8. Kwibesha ubwawe : wokwicara ukabwira umutima wawe ko mu misi mike uzoba uri umutunzi utagira n'ikonte. Canke ugira urongore utagira n'inkwano.

9. Kubesha Imana : Warahagaze imbere y'Imana mw'ishengero, uremeza ko uzoyikorera gushika gupfa canke Yesu agarutse. None wabihevye akayombekere. Waremereye Imana kuzohora uyikorera mu : kuririmba, gusenga, igikorwa co gutanga ; ariko vyose wabicishijemwo umurongo utukura. Uri kure y'ubwami bw'ijuru.

- Ntukabeshe canke ngo ubeshere abantu,
- Ntukibeshe canke ngo wibeshere ubwawe
- Ntukabeshe canke ngo ubeshere Imana.

Uzosanga umubeshi yanka uwundi amubesha. Ariko inkoko ubaheramwo niyo abandi bazoguharamwo.

IV. Ububi bwo k'urugero rwo hejuru.

Abalewi 19:16, « *Ntihazogire uwugendagendeshwa no guteranya abantu, kandi ntihazogire uwitanga ko icabona c'ibinyoma co kwicisha umubanyi wiwe.* » Uku ni ukunanirwa guha indero ururimi.. Imana irababazwa n'umuntu agendagenda mu mihana ajanywe no guteranya.

Hari abakwira imihana ku zuba no mw'ijo bariko bakwiza ibinyoma badafitiye ivyemezo. Aba baba bafise intumbero yo gusambura imiryango, amashengero, amashirahamwe,.... Uku ni ukwikwegera inkoni y'Imana. Aba, bafise igihano co kimwe n'icabona c'ibinyoma.

V. Gushira mu ngiro.

• **Ivyah. 22:15.** « *Inyuma hazoba imbwa, abarizi,... n'umuntu akunda kubesha akabikora.* » Uyu niwo mugabane w'ababeshi. Umubeshi wa mbere yabayeye Satani. Igihe cose urikuvuga ikinyoma, wibutsa Imana ivyo Satani yakoze akiri mw'ijuru. Nico gituma Imana yabwiye Yohana ko umubeshi azobana n'imbwa n'abarizi inyuma. Harageze ko wiyambura umuntu wa kera.

Niba wokwibuka ko hari ububeshi wagendeyemwo, wohaguruka ukihana, Kristoyesu arakubabarira.

Bible lessons. **Lesson 61 THE 10 COMMANDMENTS: TENTH COMMANDMENT:**
You shall not covet.

Exodus 20:1-17

Memory verse: **“He said to them, beware! Keep yourselves from covetousness, for a man’s life does not consist of the abundance of things which he possesses.” Luke 12:15**

UBWOKO BUTANYURWA N’IVYABO

Ibwirizwa rya cumi : Ntukupfuzwe

Icirwa ca 90

Kuvayo 20:1-17

Ijambo ngenderwako : ***kandi arababwira ati : murunva, mwirinde ukwipfuzwa kwose kuko ubugingo bw’umuntu butava mubihinda vy’ibintu atunze. Luk 12:15***

I. Intangamarara

Umuntu amaze gucumura, yatewe na kameremere yo kwipfuzwa k’urugero rwo hejuru. Umuntu ahinduka uwudahazwa n’ivyo afise. Iki cago kiradodora k’urugi rw’umutima wa buri muntu. Amahinguriro y’ubudandaji avyungukiramwo kuko basanga abantu bamana inyota yo guhora bagura ibicuruzwa vyabo.

II. Ibwirizwa nyezina.

Imana ibwira Mose gushira iki cagezwa mu vyagezwe cumi. Iti : « Ntukupfuzwe inzu y’umubanyi wawe, ntukupfuzwe umugore w’umubanyiwawe, canke umushumbakazi wiwe, Canke ikintu na kimwe c’umubanyi wawe. »

Ijambo “KWIPFUZA” mu giheburayo ni “HAMAD,” risigura ngo “icompa iki naco kikaba icanje”. Uku kwipfuzwa gutangurirwa n’ingeso yo gukebaguzwa impande n’impande, ikaba m’umutima w’umuntu aho ntawundi abimenya atari we n’Imana. Atangura kuraba inzu, umugore, umugabo, amahera... akabigereranya n’ivyawe. Hakurikira gusuzugura inzu, umugore/umugabo, umushumbakazi, ... vyawe akipfuzwa ivy’abo bandi. Impwemu ya Jewe, rwanje...

Ikibazo kirabaza giti : Ni inde anezerewe agashima ivyo afise ? Umwanditsi yaranditse ati : Biroroshe kurirana n’abarira, ariko biragoye kunezerenwa n’abanezerewe. Igihe bariko batamba kuko banezerewe, vyokugora kwifatanya nabo kandi iwawe bimeze nabi.

III. Kubahiriza ibwirizwa.

Imana ntinezerezwa n'uwikunda ibintu akagerekako akipfuzwa ivy'abandi ko vyose vyoba ivyiwe. **1 Timo. 6:10a** « *Gukunda amahera ari imizi y'ibibi vyose, ayo bamwe bipfuye, bakazimira, bagata ukwizera,.....* Kugwiza ubutunzi bitandukanye no gukura mu Mpwemu. Yesu yabwiye abigishwa biwe mu gitabo ca **Luka 12:1** ko badakwiye kuganyira amagara yabo. Bisigura ko bari bakwiye kubumbwa n'ivyo bafise kuko ibindi Imana iba ibizi ko babikenye.

IV. Ingaruka yo kwipfuzwa no kutabumbwa n'ivy'ufise.

Yakob. 1:15 « *Maze ukwo kwipfuzwa gutwara inda, kukavyara icaha, icaha kimaze gukura kikavyara urupfu.* » Nkuko inda ija mu mugore, igakura bukebuke ikazotanga Umwana ; niko n'ivyipfuzo bimera. Mwibuke Amunoni yipfuzwa mushikiwe. Abantu b'ivyipfuzo barashobora gukwegera urugo kuko haraho badukana impwemu yo gusahura urugo kugira bashike kuvyo bipfuzwa.

Mugihe umuntu atarashika k'ukubohorwa n'amaraso ya Yesu Kristo, aba akiri mu minyororo ya Satani bizomushikana m'urupfu rw'ibihe bidashira.

V. Gushira mu ngiro.

Abaroma 9:13 « *Nk'uko handitswe, ngo Yakobo naramukunze, Esawu naramwanse.* » Uku niko Imana imeze, kandi ntawuyibwira ivyo ikora. Umwe wese imuha uko ishatswe. Mw'isi ntibangana. Nico gituma udakwiye kwiruhishiriza umutima mu vyipfuzo w'ivyo utari buronke. Ico yemerera uwariwe wese abishatswe ni ingabire y'ubugingo budashira.

Nezerererwa ivyo ufise kandi ntibugutume kwidoga, mwirinde ukwipfuzwa kwose kuko ubugingo bw'umuntu butava mubihinda vy'ibintu atunze. Ico Imana iha agaciro ni umutima wawe kuko niwakora neza, Umwami Yesu yagiye kugutegurira ahawe mw'ijuru aho uzoho ata marira, agahinda, ingwara, intambara, n'ibindi.

Ntukipfuzwa